

---

## TOGIRAM: YON ZANMI INOUBLIYAB

---



*Konferans Jan Mapou nan FELK pou fete  
100èm anivesè Emile Cèlestin-Mégie  
(Togiram)*

Non mwen se Jan Mapou. Mwen salwe noutout. Kit se ann Ayiti, kit se nan dyaspora ayisyen an. Mwen voye yon dyakout konpliman pou òganizatè FEL yo ki malgre peyi a nan yon toubouyon difikilte tètchaje; yo toujou ap woule anba barik dezagreman yo pou kontinye konekte lang ak kilti ayisyen an nan satelit lakonesans mondyal la. Nou bat bravo. Nou voye yon bèl ayibobo pou yo. Ankouraje mesye-dam, pa febli ni bite nan travay edikasyon mas pèp nou yo. Yo se espwa peyi a. Nou kontan wè FELK ap mete may sou may pou konsolide chenn travay ki te kòmanse ak *Felix Moriso Lewa, Emile Roumer, Franketienne, Karako Bleu, Etoile Caraibes, Lanbi Club, Mouvman Kreyòl Ayisyen/Sosyete Koukouy, CLA, ILA, Elakak, GREKA* ak tandòt ankò... Se konsa pou nou rive klete chenn laviktwà revolisyon kiltirèl la nan peyi nou, Ayiti.

Aswè a, militan FELK yo lage sou zepòl mwen yon pitit zantray peyi a, yon defansè venndegede lang kreyòl ayisyen, yon achivis nasyonal, yon ekriven militang ki pa gen parèy. Yon jounalis entènasyonal. Li te fèt 16 oktòb 1922. Kidonk, si nou konte sou dwèt nou, ane sa a, 2022 t ap fè li 100 lane byen konte si li t ap viv toujou. Men malerezman, 7 jiyè 2018, li kite nou. Li te gen

95 ane plis 9 mwa. Se pa nou tout nan lodyans lan k ap gen chans boukle laj sa a.

Moun sa a, potorik gason sa a, gason kanson sa a, ekriven-powèt sa a, towo gason sila a rele: *Emile Célestin-Mégie*. Li te batize tèt li “Togiram” Pitit zantray vil *Marigot* nan Sidès peyi Ayiti ki toukole ak vil Jakmèl bastyon atis ak powèt nan peyi a. Tout bèl adjektif sa yo, Togiram merite yo. Mwen ka menm ajoute, Togiram se te yon lidè, yon majòjon ki trase chemen nonsèlman pou jenès la men tou, li poze jalon pou yon pi bon demen nan peyi a.

Aswè a, mwen pa pral fè ni analiz kritik, ni analiz literè zèv Togiram yo. Se sèten lòt kanmarad ki pral pale yo va fè sa pi byen pase m. Nonpli, mwen pa pral ni li, ni resite pwezi Gran Powèt la. Jenerasyon jounen jodi a gen tout tan yo pou yo rantre nan nannan eritaj kiltirèl sa a pou souse l jouk nan mwèl. Sa mwen pral fè pou nou, se kanpe yon kanmarad premye klas, leve l sou yon pyedestal pou mwen di nou towo gason sa a ki t ap viv ak nou an Ayiti tankou nan dyaspora a kiyès li te ye. M ap pale nou de militans li, de kouraj li, de karaktè li, de feblès li ak bèl rèv li te gen pou Ayiti espesyalman *Marigot* vil natal li.

## **Togiram: Yon Militan. Yon Gason total. Yon modèl.**

Togiram se te yon nèg mens, 5 pye konsa. Po jòn, tèt plim. Li te tou piti men anverite se te yon potorik gason chaje ak eksperyans. Gason kanson, li te peze lou ni nan pawòl li, ni nan aksyon li. S on ekriven ki pa te konn ekri pou plezi. Plim li se yon zam ki file. Lè li atake, li blese zòt jouk nan zo. Togiram ak plim li, ak bouch li, nan aksyon li, li pa te pè pap. Dayè, li te toujou di sou

Divalye s on sèl jan pou goumen ak rejim nan, se krache verite a nan figi makout yo. Di li, pa di li, y ap touye w kanmenm, omwen si ou lage verite a w a konnen ou mouri osnon pran prizon pou yon kòz ki nòb. “ Yon gason kanson ak yon fanm total pa dwe kite vakabon sa yo kraponnen yo“. “Mwen, m ap mouri, men sa pou mwen di a, m ap di li. Nan pwen moun ki ka mete bayonn nan bouch mwen.”

Lè Tonton Makout “GWO RENE”- (René Breneville) fin arete Manm Sosyete Koukouy yo nan *Radyo Karaibes*, dimanch Pak 6 Avril 1969, a 8-è dimaten; apre Gwo Rene fin rale yon lyas dola ayisyen tou nèf, distribiye bay Makout yo, nan estasyon an, nan figi nou; Makout yo mare ke chemiz nou, pase menòt, lage nou Fò Dimanch tankou yon bann endijan. Lè Togiram ki pa te nan radyo a ak nou jou dimanch sa a, aprann arestasyon an, l al kote direktè Radyo yo *Antoine Brown* pou li mande li lapèmisyon pou li monte nan lè pou li denonse enjistis sa a. Li di *Brown*, Ti mesye-dam yo se lang yo y ap defann. Se de kilti peyi y ap pale, yo pa p pale gouvènman mal, ni atake pèsonn; kidonk yo pa gendwa arete yo... Jou dimanch sa a si Togiram te la, 45 yo te kole nan tenpan mwen an, yo t ap blayi Togi, paske Togiram mwen konnen an pa nèg ki t ap rete pran menòt san degaje konsyans li, san fè wondonmon. Direktè *Brown* ki te pè pou yo pa vin kraze estasyon an, pa te kite *Colson Augusma* bay Togiram lapawòl. Milo te kontrarye amò sitou nan menm epòk sa a apre arestasyon Jan Tanbou, plis manm koukouy yo, Togi te chaje ak pwoblèm lakay li. Msye te anzingdekontraryete.

Mwen jwenn yon ti powèm li ekri nan preske menm epòk arestasyon an. Li ekri li nan mwa Mas, 21 jou anvan arestasyon manm Koukouy yo:

*“Lavi a vini difisil pou moun*

*Nan tout kwen e rekwen  
kou brital sou kou brital  
chak jou sou po do m ape tonbe kou bal  
lakay mwen tounen gnou lopital  
Vye manman m ak prèske tout ti pèp mouin yo  
Ap souffri nuit kou jou  
Ak gnou lagoum sou lesto  
Tout kò yo cho  
tankou recho  
recho cho ki limen ak chabon gayak  
tèt mouin tèlman chaje  
ke tout moun ki ouè m  
konprann ke se flè sousi ki sèvi m de losyon”.*  
*Togiram (16 mas 1969)*

## **Togiram : Prepare Sèkèy Li**

Sou *Jean-Claude Duvalier* (Bebidòk), Togiram poze kandidati li pou Depite *Marigot*. Nan pwen yon sitwayen *Marigot* ki pa damou pou Toji pou bèl travay li te konn fè nan vil la kòm senp sitwayen. Li fè ranmase fatra. Li bati plas dam. Li bay tè pou legliz katolik fè lekòl. Li resevwa etidyan lakay li, reponn kesyon, fè klas pou yo... Kidonk m pa bezwen di nou kijan moun *Marigot* te swaf Togiram monte kòm Depite... Timoun kou granmoun, pwofesyonèl kou politisyen se li yo konsilte anvan yo pran desizyon. Yo te menm rele li: *“Le sage du village”*. Enben eleksyon fèt, rezilta bay, Togiram pa pase. Yon sousoubèkè tonton makout soti kote li soti, se li, yo di ki pase kòm depite... Adyeeee, nou pa mande m koze, Togiram monte lachanm, se sa li bliye li pa di. Li tou pwofite fè yo konnen sa demokrasi ye eke vòl sa a, enjistis sa a, se yon krim kont pèp ayisyen an. Se yon kout kouto nan do moun *Marigot*. Nan peyi isit pou Tonton Makout sa yo, konpetans pa konte. Depi ou gen yon parenn, nan pwen pozisyon ou pa p okipe menmsi ou pa kalifye, menmsi ou pa konn ni li ni ekri. Apre

diskou sa a, Zanmi ak fanmiy Togiram konseye l rantre nan mawonaj paske yo wè malè pandye sou tèt li. Li reponn pou l di: *Mwen, lakay mwen m ap dòmi. Dayè sèkèy mwen tou pare. Leswa se ladann mwen dòmi. Se ladann mwen prepare epi resite powèm anvan somèy vòlò m.* Fòk mwen di nou, lè mwen aprann kijan Togi pèdi eleksyon an, epi jan msye move, mwen voye ti mesaj sa a pou li:

“ M konprann doulè w  
m konprann malè w  
dyòl pa gou konpè  
Si non w kole  
Si non w pa plere  
Si vwa w toufe  
Si dyòl bayonnen  
Si de pye w nan chenn  
Mannigèt pi fò pase wanga  
Pran kouraj  
Pran pasyans  
Kalma kalma w  
Sou tè Ayiti  
Fò ou kanzo  
Fò ou maton  
Si nan pike-kole  
Si nan lewouj e lenwa  
Lewouj parèt  
Lenwa disparèt  
Kenbe  
Pa rele  
Pa boude  
Pa gwonde  
Lamepriz vomye ke larepons  
Boude, gwonde babye  
pa p geri java Marigo  
Boude gwonde babye  
Pa p angrese ti kochon laplenn”...

(Jan Mapou)

## **Togiram: Nan Antèman Jounalis Gasner Raymond (1953-1976)**

Epi kiyès nan nou nan lasistans lan ki ka bliye kijan yo te asasinen jounalis *Gasner Raymond*. Gasner Raymond, se te yon jounalis pou jounal endepandan “Le Petit Samedi Soir”, ki te konn parèt chak semèn. *Gasner Raymond* te gen 23-an lè yo asasinen l. Yo dekouvri kadav li 1 jen 1976. Bagay sa a te fè tout medya nasyonal ak entènasyonal bat tennèb lendiyasyon. Anpil moun kwè se makout gouvènman an ki te touye li akòz yon atik li te ekri ki te kritike fason gouvènman an te maltrete anplwaye Faktori Siman D Ayiti yo ki t ap fè grèv pou mande meyè kondisyon travay. Lanmò *Gasner Raymond* te montre aklè danje ki te genyen pou jenn yo ki t ap egzèse libète laprès anba rejim *Jean-Claude Duvalier* a.

*Gasner Raymond* se te zanmi- frè-konfrè Togiram. Nan lantèman Gasner Raymond, Togiram, pran lapawòl. Jou sa a dapre sa istwaryen Jean-Claude Exulien di nou, Togiram pran lapawòl. Li lage yon bonm atomik nan mitan asistans lan. Yon bann entelektyèl kraponnen, tou labouyi kò yo, file kon zangi epi yo jete yo grenn pa grenn.

Kisa Togi te di ?

Togiram te di byen wo pou tout moun tande: “*Rezon ki fè yo asasinen Gasner Raymond se paske li t ap pouse mouch sou yon chawony*”.

Togiram pa nèg ki te gen dlo nan bouch li. Li pa te nan kache men lè l ap kalonnen. Kanta pou plim li menmmenm, se te yon ponya k ap dige nan revi *Gindòl* ak jounal *Le Petit Samedi Soir*, Dieudoné FARDIN t ap dirije kote

Togiram te gen yon kwonik ebdomadè ki te rele “Kreyòl ak Liberation”.

Paj kreyòl sa a nan jounal la ki te ekri eksklizivman an Kreyòl se te mesaj piman bouk , piman zwezo li t ap glise nan yo pou reveye konsyans pèp la. Zòt te konprann pèp la pa konn li, osnon li pa konprann kreyòl, enben yo te twonpe yo. Ti jounal sa a, te popilè nan sektè madan sara yo, nan sektè etidyan yo, inivèsite yo, opwen *Kreyòl ak Liberasyon* se premye atik yo te li. Opwen gen istwaryen ki deklare, ke makak la ki te koupe an 1986, se travay *Radyo Solèy* ak chante “Lè m pa wè solèy la” *Jean-Michel Daudier* te konpoze, *Radyo Solèy* te adopte, *Le Petit Samedi Soir*, pwezi, chante ak teyat atis angaje yo tankou *Manno Chalmay, Farah Juste, Georges Castera Fils, Kiki Wainwright, Fedia Laguerre, franketyèn, K-Plum...*) tout kategori atis ak jounalis angaje sa yo ki t ap bay diktati a gwo sakad jouk yo te rive dechouke li an 1986.

Togiram pa t nenpòt ki ekriyen. Li te yon lidè ki te toujou kanpe dyanm kòm yon santinèl pou defann enterè pèp ayisyen an kit se te nan zèv li, nan ekri li, nan pawòl li oubyen nan aksyon li.

## **Togiram : Yon Powèt Ekstra-Sansib**

Togiram se te yon powèt sansib. Yon pwezi vivan, anbilan, ou ta di yon kòd gita kab jwe yon melodi an “la majè” tout kote li pase. Vwa li, nanm ni, tout ti tout li t ap degaje yon vapè pwetik ilan-ilan ki t ap satouyèt sansiblité nou. Malgre militans li, malgre nou santi yon prezans tèktègèdèk nan tout aktivite kiltirèl e politik peyi a, *Emile Célestin Mégie* se te yon moun senp, yon moun dou tankou anpil nan nou ki la a. Tankou nou, li te gen moman frajil, moman difisil nan lavi li. Li bite. Li tonbe. Men li toujou leve kanpe. Li travèse Moman blakawout sa yo, moman tristès ak lapenn sa yo ak kouraj.

## Lanmò Pitit Fi li Rhola

Premye chòk ki frape Togiram, zanmi mwen, se lanmò yon pitit fi li ki te rele *Rhola*. *Rhola* se te yon ti biblo. *Rhola* te gen 5 ane lè li mouri nan Pòtoprens. Togiram te renmen *Rhola* amò. Lanmò sa a te sakaje zantray li. Fatige li maten, midi, aswè. Li pa ka dòmi. Li pa ka manje. Yon lanmò ki Boulvèse byèl li; opwen mwen te pè pou anksyete pa lage li nan depresyon. Togiram ap kriye tou tan. Depi li koumanse pale de lanmò ti pitit fi sila a, *Rhola*, se yon larivyè dlo ki t ap koule nan zye l. Mwen pa konnen konbyen pwezi li konpoze pou *Rhola*. Epoutan, yon powèt nan kalib Togiram, ta dwe konprann lavi ak lanmò toujou ap bay akolad depi kreyasyon mond lan. Li, ki nan ewoloji pou zanmi li *Domerson Jeudi* ki te gen ti non “Dodo” ki te mouri a 34 an, Togi te di: “...Chak fwa mwen twouve m nan obligasyon sila a, se toujou yon bagay nouvo pou mwen kwak nou konnen Eklesyas te di nan pwèn anyen ki nouvo anba solèy la... Toutan lavi ap boujonnen ayovi, marechal lanmò ap maspinen, ape fè ravaj san okenn pitye pou sa k ap kriye, pou sa k ap rele.”

## Togiram: Mwen pa p janm trayi drapo ble-e-wouj mwen an

Sansiblite kay Togi, pafwa depase limit. Magre li konsidere m kòm frè l, se detanzantan, l ap poze pwoblèm lavi a ak mwen, men nan fason pa li. Menm lè m ap plezante ak li, m oblije kenbe chak grenn mo ak pensèt pou l pa deklannche chagren lakay li.

Se konsa, akòz 3 pitit li yo ap viv nan peyi Etazini, *Jasmin*, *Joslin* ak (*Guaryonex*) *Nènè*, Togiram te toujou ap fè vatevyen nan Miyami kote solèy la kagou men klere cho tankou solèy Marigo. Lè li nan Miyami, li detann li ak ekip



Koukouy yo ki t ap fè chou-e-rav nan domèn teyat la. Yon branch nan literati a, Togiram apresye anpil. Lè Togiram ak nou se moman lakontantman. Li pale. Li ban nou lodyans, li ban nou konsèy nan montaj pyèsteyat yo... Lè li dòmi lakay mwen, nou pale tout nan nuit. Se konsa, yon jou, apremidi, tan an te demwazèl, pyebwa yo ak fil elektrik yo tou nwa ak zwazo goustabak ki t ap prepare vwayaj yo pou evite move tan radyo te anonse. Nou chita sou pewon an, n ap pale, n ap bay lodyans... Epi toudenkou Togi di mwen, li gen yon bagay pou li di mwen; yon bagay k ap boulvèse krit-krit li. Li pa ka dòmi tank bagay sa a boulvèse li. Li ta bezwen konnen sa mwen panse.

-Kisa li ye kouzen? Mwen mande li.

-Di mil min nan fwon l, li di m : *“Monchè timoun mwen yo kole nan kò m pou mwen fè m Ameriken. Chak fwa yo di m sa, m anvi vomis san. Yo menm di, yo fè aplikasyon pou mwen. Bagay sa a touye nè. Se dènye bagay pou mwen Togiram ta fè nan vi m. M ta pito mouri nan ti kounouk mwen, lakay mwen Marigo pase pou mwen ta vire do bay peyi mwen”.*

Mwen gade l, mwen souri. Mwen mete men m sou do li; epi m ap takinen li.

Mwen di: *“Monchè Togi, si timoun yo di w sa, se nan enterè w yo ye. Pa fin enkriminen yo twòp, sante w pa bon. Zye w yo ap desann ak glokoma. Se tou tan ou ka doktè; ou konprann? Swen sante koute anpil nan peyi isit; epi, kouzen, tout fanmiy ou isit, jwèt politik la makawon Ayiti, ou plis isit pase Ayiti...”*

Aprè yon ti silans mwen di ak yon ti souri betizè: *“Alòs m ka konprann ou. Mwen yon tijan dakò ak ou wi... Paske sa k rèd la, se lè ou pral prete sèman kòm Meriken, yo pral fèmen w nan yon ti chanm epi yo pral mande w pou “pipi” sou drapo ble-e-wouj la”.*

Woy! Togiram voup, li kanpe. Li di: “Kisa Mapou se vre? Aa Non... Se swa jamè. Mwen nèg! Mwen Togiram nèg Marigo... pou m pipi sou drapo mwen?”

Togiram tonbe kriye. Dlo... dlo...dlo... Tout di m ap di l se ranse m ap ranse, se pa vre, oo, Togi kriye pi rèd. Jou sa a mwen gade l, mwen kenbe men l, mwen di: “Monchè eskize m. Se ranse m ap ranse... Ou montre mwen vre jodi a menm an jwèt, ou se yon Ayisyen Total-Kapital”.

## Togiram: Yon Amoure Nan Domèn Santimantal

Pou Togi pa vin grate anba pye mwen aswè a, mwen pa p rantre twò fon nan domèn santimantal powèt la, paske tout moun ki sansib toujou trè santimantal. Sèl ti jouda, m a fè se sou yon dam Togi te fou damou pou li. Nou tout konnen li t ap mouri damou pou *Jacqueline Beaugé* opwen li ekri tout yon liv kote l ap chante lanmou li pou pwetès la, *dans la langue de Voltaire*; Liv la rele *Lettre à une Poétesse*. Yon moniman istorik. Ekri an 1985. S on liv ki pibliye 3 fwa. Li te konfyè mwen premye maniskri a pou mwen te li epi prepare piblikasyon an pou li. Arestasyon Koukouy yo nan radyo Karayib te kraponnen fanmiy mwen. Menm jou dimanch sa a, y al Ri Kapwa kote mwen te rete, yo boule tout achiv koukouy yo... Kidonk, powèm damou Togi yo disparèt nan flanm dife pou evite dezagreman. Lamenm, Togi refè powèm yo nan memwa li. An nou li sa li te ekri nan edisyon 1985 lan:

“Alors , je me suis mis  
les paupières mouillées  
à relire tes lettres  
réciter tes poèmes...  
jusqu'au jour ou j ai cru bon de les confier  
à mon copain – comme un oiseau à son Mapou-  
Mais mon copain et les copains de mon copain  
un dimanche de Pâques aux Caraïbes  
sont tombés dans le piège  
de ceux qui ont livré leur âme  
à la mesquinerie et à la fourberie  
à l'égoïsme et au snobisme...” (E. C. Mégie-Lettre à une poétesse)

Nou sonje mwen te di nou Togi t al nan Radyo Caraibes pou li te mande lapawòl. *Antoine Brown* te refize. Enben nan edisyon “Lettre à une poétesse la,

li tou pwofite denonse arestasyon “san rezon” 7 manm Koukouy yo.

“ **Ceux qui vendent leur âme aux doctrines impies**  
**ceux qui pataugent dans la boue du snobisme**  
**ceux qui détestent l'effort**  
**la jeunesse,**  
**le patelin,**  
**ceux qui luttent contre la Patrie**  
**sa langue**  
**sa culture**  
**ont trahi mon copain**  
**tous les copains de mon copain...” (E-CM)**

Doktè *Ernst Mirville* (Pyè Banbou) di nan prefas liv la :

“Une lettre à une poétesse restera un signe d amitié fidèle et sincère qui devient de plus en plus rare”

## **Togiram: Pwezi Areyitos Pou Di Mèsi Epi Orevwa**

Anvan li kite nou 6 jiyè 2008, san sipò je li yo ki te fè lareverans ; san estilo nan fant dwèt li, Togi konpoze yon seri pwezi ekstrawòdinè senpman ak sipò memwa li. Mwen te gen privilèj tape pwezi sa yo pou li pandan li t ap dikte yo tou fre nan memwa li. Li te rele dènnye seri pwezi sa yo “Lèt Areyitos”. Se te yon seri lomeyans “rime” osnon “ritme” pou zanmi ak fanmi li te kwaze nan lavi a. Moun ki te ede li oubyen fè li dibyen pandan pasaj li sou tè a. Li te gentan konpoze 7 lomeyans. Mwen jwen 2 nan yo : Lèt Areyitos pou *Chantale Louis* ki gen tinon Fifi. Dezyèm nan pou powèt- ekriven *Frantz Kiki Wainwright*.

## **Togiram: Ou Pa Bezwen Je Pou Apresye Yon Bon Bagay**

Anvan m ale, kite m fè nou ri. Malgre kondisyon Togi ki te avèg, li pa ka ni

li, ni ekri, se nan telefòn ak sou kasèt li te konn kominike ak kèk zanmi.

Yon jou pandan ekip Koukouy Miyami an al wè li kay pitit li Nènè, nou chita ak li pou n kenbe l konpayi. N ap chante, jwe gita, di pwezi... Yon dam parèt ak yon gangans, yon wòb mini plake, fè dèt m a peye, cheve ovan, gade non, bebe a te anzingdekontraryete. Li salwe nou epi li bese pou li anbrase Togiram. Epi, li rantrè pou l al salwe rès moun yo nan salon an. Togiram legalman avèg ak yon souri satisfaksyon, file lang li epi li di nou: Wi fout ala yon bèl fanm papa!... Youn nan nou di li:

“ Men... Meji ou kwè w avèg, kouman ou fè konnen se yon bèl fanm?

Méji souri epi li reponn ak tout fyète gason li:

Mesye ... Gade non, gen de bèl bagay, bon bagay ki pase devan w, ou pa bezwen “je” non pou santi se yon bèl bagay.

Sa sèlman mwen di nou fè nou konprann kijan powèt Emile Celestin-Mégie nou tout konnen sou non Togiram te yon “Mètagason”, yon bon ti bout kouto byen file nan jenès li. M pa p di nou plis pase sa.

Togiram te: Yon fouyapòt, Yon achivis, Yon jounalis, Yon militan, Yon gason kanson, Yon pasyone, Yon nèg sansib, Yon nèg karaktè, Yon nèg solid, Yon patriyòt, Yon nèg rekonesan, Yon defansè venndegede Lang ak Kilti Pèp Ayisyen.

Mezanmi. Men Emile Célestin-Mégie nou tout te konnen sou non Togiram.

Mèsi.

*Jan Mapou*

*janmapou@gmail.com*